



Avètisman sou politik /Règleman yo

Tit Règleman an : Lis verifikasyon Dosye Anplwaye ki an Gwoup epi Sa Ki Sèvi Timoun ki nan Laj pou Ale Lekòl ki nan Pwogram Gadri Timoun yo ak Pwogram Gadri Timoun ki Resevwa finansman .

Nimewo Règleman: FO-26-02

Dat Li Pibliye: 4 Mas, 2026

Dat Li An Vigè: 1ye Avril, 2026

Lyen Règleman an: [Staff Records Checklists in Group and School Age and Funded Child Care Programs](#)

REZIME JENERAL

Depatman Edikasyon ak Swen/Gadri pou Timoun Piti nan Massachusetts (EEC) sipòte jesyon efikasite anplwaye nan tout pwogram swen/gadri pou tout timoun ki nan tout Gwoup ak nan Laj pou ale Lekòl ak sa ki resevwa Finansman nan Commonwealth la. Pou ede kenbe kalifikasyon ajou ak lòt enfòmasyon enpòtan pou anplwaye k ap travay ak timoun, EEC egzije ke pwogram an Gwoup ak sa ki nan Laj pou Ale Lekòl ak sa ki resevwa Finansman yo itilize Lis Verifikasyon Dosye Anplwaye EEC yo dapre kondisyon ki note nan politik/règleman sa a.

Anplis de politik sa a, EEC ap pibliye yon Mazajou sou dokiman Lis Verifikasyon pou Dosye Pèsonèl Gwoup ak Timoun ki nan Laj pou Ale Lekòl. EEC pa ap fè okenn chanjman nan lis verifikasyon pou Pwogram ki resevwa Finansman yo kounye a.

APLIKABILITE

Politik EEC sa a aplike pou tout pwogram gadri ki an gwoup, pou timoun ki nan Laj pou Ale Lekòl, ak pwogram gadri ki resevwa Finansbank.

SIJÈ KI ENPÒTAN YO

- Pwogram Gwoup ak Pwogram ki gen timoun ki nan Laj pou Ale Lekòl ak Pwogram ki resevwa Finansman yo oblije ranpli Lis Verifikasyon Dosye Anplwaye yo, yo dwe itilize vèsyon aktyèl Modèl Lis Verifikasyon Dosye Anplwaye EEC yo pou tip pwogram respektif yo, ki disponib sou sitwèb EEC a.
- Administratè pwogram yo dwe revize lis verifikasyon dosye pèsonèl/anplwaye yo chak mwa epi siyen yon afidavi chak ane pou temwaye ke enfòmasyon ki sou lis verifikasyon an ajou.
- Ajan ki bay lisans EEC yo ka revize Lis Verifikasyon Dosye Pèsonèl/Anplwaye yon pwogram pandan vizit lisans yo.

RESOUS YO

Ou ka jwenn modèl lis verifikasyon pou dosye anplwaye aktyèl yo sou sitwèb EEC a. (www.mass.gov/EEC):

- [Modèl Lis Verifikasyon pou Dosye Anplwaye ki an Gwoup ak Sa ki Pran Timoun ki nan Laj pou Lekòl \(GSA\)](#)
- [Modèl Lis Verifikasyon sou Dosye Anplwaye Pwogram ki resevwa Finansman](#)